

2023-2024 Plan Angajman Paran ak Fanmi

Non Lekòl la	Legends Academy
LEA	Lekòl Piblik Orange County

Sa se yon mwayen pou asire ke plan angajman nan nivo-lekòl paran ak fanmi ranpli kondisyon seksyon 1116(b) lwa sou edikasyon Elemantè ak Segondè (ESEA), jan li modifiye nan lwa Siksè pou tout timoun (ESSA)

Asirans

Lekol ki site anlè a dakò avèk asirans sa yo:

- Enplike paran timoun ki patisipe nan Title I, Pati A nan desizyon kouman lajan Title I Pati A depanse;
- Mete sou pye pwogram, aktivite avèk pwosedi dapre definisyon nan seksyon 8101 nan ESEA;
- Ansanm devlope/revize plan ak paran epi metel disponib pou kominote lokal la;
Enplike paran ak fanmi nan planifye, revize, ak amelyore plan pwogram ki disponib nan tout lekòl yo;
- Sèvi ak rezilta plan angajman paran ak fanmi pou detèmine estrateji pou angajman ki pi efikas, epi revise, si li nesèsè, plan angajman paran ak fanmi lekòl la;
- Bay chak fanmi enfòmasyon atan sou dwa yo pou yo mande enfòmasyon sou kalifikasyon pwofesyonèl pwofesè klas elèv la ak parapwofesyonèl ;
- Avize chak fanmi, atan, lè yo bay ti moun yo fòmasyon oswa lè timoun yo te pran aprantisaj kat semèn youn dèyè lot, ak yon pwofesè ki pa nan domèn nan;
- Bay chak fanmi yon rapò endividalize elèv la sou pèfòmans pitit yo nan egzamen leta. [ESEA Seksyon 1116]

Deklarasyon Misyon

1. Eske deklarasyon misyon an gen ladanl: Kouman Angajman paran avèk fanmi yo se yon responsablite pataje? Kouman angajman paran avèk fanmi pral ede nan bay yon edikasyon ki gen yon nivo ki wo pou tout moun kap apran	Misyon Legends Academy se pou gide elèv nou yo nan siksè, ak sipò epi angajman fanmi yo epi kominote. Legends Academy kwè ak tout fòs li ke angajman paran ak fanmi se yon gwo fòs nan edikasyon yon timoun epi se yon responsablite ki pataje. Nou pran angajman pou nou travay men nan men ak paran epi fanmi yo pou jwenn yon plan aktivite ak atelye ki ede genyen yon ansèyman kalite siperyè ki nesèsè pou siksè tout moun kap aprann. Nou pral òganize chak mwa kèk evènman ki konsantre sou angajman paran ak elèv nan pwosesis aprantisaj la ni nan lekòl, ni nan kay.
---	---

2023-2024 Plan Angajman Paran ak Fanmi

Non Lekòl la	Legends Academy
LEA	Lekòl Piblik Orange County

Patisipasyon Paran yo

<p>2. Eske plan an gen ladanl:</p> <p>Kijan lekòl la pral fè paran ak fanmi yo patisipe yon jan òganize, kontinyèl nan planifikasyon, revizyon, ak amelyorasyon pwogram Title I san pa bliye patisipasyon nan pran desizyon sou kijan lajan pou program Title I ap itilize. [ESEA Seksyon 1116]?</p>	<p>Legends Academy pral asire ke paran yo patisipe yon jan òganize, kontinyèl epi alè atravè metòd sa yo: Kominikasyon nan lang angle ak/oswa lang natif natal; ajanda elèv; katab sak lekòl chak semèn; depliyon pou yo distribye lè yo rive ak lè yo lage. Difizyon sou mesajri lekòl la; imèl, apèl pa telefòn epi lòt pi bon pratik ke yo konnen, ansanm ak pwogram kominikasyon inivèsèl amelyore nou an.</p> <p>Nan Legends Academy, paran ak fanmi patisipe aktivman nan planifikasyon, revizyon, ak amelyorasyon pwogram Title I nan, epi tou patisipasyon nan desizyon sou kijan yo pral itilize lajan Title I nan, lè yo patisipe nan divès reyinyon tankou SAC, PTA ak reyinyon ki fèt pandan tout ane a espesyalman pou fidbak ak opinion. Moun ki pa kapab patisipe ap jwenn opòtinite atravè sondaj (papyè ak sou entènèt), epi patisipe nan reyinyon chak mwa epi lòt aktivite pou ranfòse kapasite paran ak fanmi yo epi revize done akademik yo ak Plan Angajman Paran ak Fanmi pou ane anvan yo.</p>
---	--

Kowòdinasyon ak Entegrasyon ak Lòt Pwogram Federal

<p>3. Eske plan an gen ladanl:</p> <p>Kouman lekòl yo pral kowòdone epi entegre pwogram patisipasyon paran ak fanmi avèk aktivite yo?</p> <p>Kouman lekòl yo pral kowòdone epi entegre aktivite paran ak fanmi kap aprann paran yo kouman pou yo ede pitit yo lakay yo. [ESEA Seksyon 1116]?</p>	<p>Legends Academy ap kowòdone epi entegre angajman pwogram ak aktivite paran ak fanmiy atravè plizyè pwogram ki planifye sou tout ane lekòl la. Aktivite sa yo pral montre paran yo kouman yo ka ede pitit yo lakay yo avèk kèk teknik ki deja fè prè yo epi ki fè pati edikasyon.</p> <p>Anba wap jwenn program nan an detay epi kowòdinasyon pou chak pwogram eskolè.</p>
Pwogram	Kowòdinasyon
Title I	Direktè Ansèyman ak Aprantisaj ansanm ak klas la epi resous pwofesè yo pral devlope epi kowòdone opòtinite pou angajman paran ak fanmi nan kay, nan lekòl ak nan kominote a.
Title II	Lekòl la ap kontinye travay pou enfòmè paran sou Estanda Florida. Pwofesè ap aprann estanda sa yo nan fon Title II
Title III	Bay finansman pou sipòte devlopman langaj oral elèv ELL nou yo
Title X	Pwogram McKinney Vento bay etidyan yo ki pa gen kay sipò

2023-2024 Plan Angajman Paran ak Fanmi

Non Lekòl la	Legends Academy
LEA	Lekòl Piblik Orange County

Reyinyon Anyèl Paran

<p>4. Eske plan an genyen ladan! Yon deskripsyon etap espesifik ke lekòl la pral pran pou realize reyinyon anyèl pou li ka enfòme paran avèk fanmi timoun kap patisipe yo sou pwogram lekòl la ke yo rele Title I?</p> <p>Yon deskripsyon pwogram Title I nan ke yo pataje ak paran yo (nan tout lekòl oswa kèk group moun.)?</p> <p>Yon deskripsyon de kouman reyinyon pral kouvri progrè anyèl(AYP), chwa lekòl la avèk dwa paran yo kouvri nan reyinyon anyèl?</p>	<p>Legends Academy pral òganize yon reyinyon anyèl Title I pou enfòme paran ak fanmi timoun kap patisipe nan pwogram Title I nan kòmansman ane lekòl la. Nou pral òganize yon sèl reyinyon pou edike paran yo atravè metòd sa yo: prezantasyon PowerPoint, fèyè, prezantasyon Pwogrè Anyèl Adegwat (AYP), sware paran ak Chwa Lekòl.</p> <p>Yo enfòme paran ak fanmi yo sou nati pwogram Title I nan deklarasyon sa: Lekòl Title I yo resevwa sèvis nan pi gwo èd federal pou pwogram edikasyon ki egziste. Title I egziste depi 1965 epi li kontinye ap bay menm avantaj akademik pou timoun ki viktim povrete. Lajan Title I nan bay sèvis ak pwogram edikasyon pou ede elèv yo reyisi. Pwogram Title/ Imigran yo depanse plis pase 500 milyon dola nan fon federal bay distri lekòl yo ak ajans nan Florida pou ansèyman siplemantè kalite siperyè ak sèvis sipò pou timoun ki defavorize nan domèn edikasyon. Ajans edikasyon nou yo (LEAs) ak ajans fonksyonman lokal yo (LOAs) pou aplike pwogram ak sèvis ki asire ke tout timoun yo genyen opòtinite ki jis, egal ak enpòtan pou jwenn yon bon jan kalite edikasyon ak rive nan yon minimòm, konpetans nan defi estanda siksè akademik eta a ak evalyasyon akademik leta yo. Nou ofri sèvis pou distri lekòl lokal yo, ajans yo, lekòl prive ak enstitisyon lokal ki neglije epi ki delenkan pou Pwogram Title I, Imigran ak Sanzabri. Pou plis enfòmasyon: tanpri ale nan Depatman Edikasyon Florida, Biwo Pwogram Title I ak Sèvis Entèvansyon Akademik nan http://www.fldoe.org/bsa/title1/title_compile.asp ak sit entènèt Distri Title I nou an: http://www.ocps.net/department/title_i</p> <p>Anba se etap espesifik Lékòl Legends Academy ry pran pou fè Reyinyon Anyèl Title I</p>		
Akivite/Travay	Moun Responsab	Kalandriye	Prèv Efikasite
Avi yo voye bay paran lakay yo an angle ak/oswa lòt lang	Direktè, Ansèyman & Aprantisaj & Jesyonè Biwo	Jwen 2023 rive kòmansman Out 2023	Depliyon pou sonje dat Avi Medya Sosyal
Ajanda,ak prezantasyon	Direktè, Ansèyman & Aprantisaj	31 Jiyè, 2022-8 Out 2023	Ajanda,ak prezantasyon
Etabli fèy pou siyen	Jesyonè Biwo	7-8 Out 2023	Kopi fèy siyati
Fè Reyinyon Anyèl Title I	Direktè, Ansèyman & Aprantisaj	8 Out 2023	Ajanda, nòt reyinyon
Konsève Dokiman	Kontak Title I	1 ^{ye} Jiyè 2023 rive fen ane lekòl la	Kopi tout dokiman

Reyinyon fleksib pou Paran

2023-2024 Plan Angajman Paran ak Fanmi

Non Lekòl la	Legends Academy
LEA	Lekòl Piblik Orange County

<p>5. Èske plan an gen ladanl:</p> <p>Kouman lekòl la ap ofri yon kantite fleksib nan reyinyon, tankou reyinyon nan maten oswa nan aswè?</p> <p>Kouman lekòl la pral bay, avèk fon Title I, transpò, swen pou timoun oswa vizit nan kay, jan sèvis sa yo gen rapò ak angajman paran ak fanmi [ESEA Seksyon 1116]?</p>	<p>Legends Academy pral ofri yon kantite reyinyon fleksib pou paran lè li aplike sa ki annapre yo: aktivite maten, apremidi, aswè epi samdi ak konferans pwofesè yo; devlope epi distribye yon kalandriye ane lekòl la nan premye mwa lekòl la epi mete ajou jan sa nesèsè; fè sondaj paran yo epi sèvi ak rezilta yo pou akomode tan yo mande plis yo pou aktivite nan tout lekòl la.</p> <p>Kòm li konsène sèvis ki gen rapò ak angajman paran ak fanmi, lekòl la pral bay bagay sa yo: transpò pou yon Akademi Paran pou pi piti; kouvri pri gadri ak yon manm ekip Legends Academy pou paran itilize pandan aktivite ak reyinyon paran.</p>
--	---

Ogmante Kapasite

<p>6. Eske plan an gen ladanl:</p> <p>Kouman lekòl la pral aplike aktivite kap ogmante kapasite pou yon patisipasyon paran / fanmi ki gen sans?</p> <p>Kouman lekòl la pral aplike aktivite kap bati relasyon ak kominote a pou amelyore siksè elèv yo?</p> <p>Kouman lekòl la ap bay materyèl ak fòmasyon pou ede paran / fanmi yo travay avèk pitit yo ?</p> <p>Kouman lekòl la ap bay lòt sipò rezonab pou aktivite ki angaje paran / fanmi [ESEA Seksyon 1116]?</p>	<p>Legends Academy pran fyète pou bati kapasite tout moun ki gen enterè kle yo ki jwe yon wòl enpòtan anpil nan siksè akademik elèv nou yo. Nou bay tou de atelye yo ni entèn ni ekstèn ki ranfòse relasyon sa yo pandan tout ane lekòl la. Pòt nou yo ouvri pou kominote a atravè aplikasyon aktivite pandan ak apre lekòl manm kominote a ak òganizasyon yo ka ofri volontè pou sipòte atravè kowòdonatè Partners nan Education (PIE) nou yo ansanm ak kowòdonatè ADDitions nou yo.</p> <p>Parent Engagement Liaison nou (PEL) ap yon pwen prensipal kontak pou paran yo resevwa resous, sipò ak enfòmasyon sou aktivite ki angaje paran yo ak fanmi yo.</p> <p>Anba a se etap espesifik ke Legends Academy pral pran pou konstwi kapasite pou yon angajman enpòtan pou paran ak fanmi.</p>			
Aktivite/ Travay	Moun Responsab	Rapò ak akonplisman elèv yo	Kalandriye	Prèy efikasite

2023-2024 Plan Angajman Paran ak Fanmi

Non Lekòl la	Legends Academy
LEA	Lekòl Piblik Orange County

Rankont ak Pwofesè	Direktè, Ansèyman & Aprantisaj, Anplwaye ansèyman	Pwofesè yo pral prezante atant klas yo, woutin epi etabli rapò	8 Out 2023	Feyè, ajanda, Feyè siyati, Nòt reyinyon
Konferans paran /pwofesè	Direktè, Ansèyman & Aprantisaj, Anplwaye ansèyman	Pwofesè yo pral fè konferans endividyèl pou diskite sou pwogrè timoun nan direksyon referans, rezilta yo jiska dat, plan akonplisman ak asistans sou kijan pou ede nan kay.	Okt 2023 Jan 2024 Mas 2024 Me 2024 (epi jan sa nesèsè oswa paran ak pwofesè ta mande)	Konekte Siyati Pwofesè/Paran ak fòm konferans
Seri Kourikoulòm Fanmi (lekti, mat, syans, ekriti)	Direktè, Ansèyman & Aprantisaj, Anplwaye ansèyman	Paran yo pral kominike avèk pitit yo pandan yap Aprann yon aptitud dirèk	Septanm Novanm Desanm Fevriye Avril Me	Feyè, ajanda, nòt reyinyon epi siyati
Mesajri Lekòl la	Direktè, Ansèyman & Aprantisaj, Anplwaye ansèyman	Ogmante konesans paran yo sou evènman lekòl yo ak transpò	Kap kontinye	Kopi mesaj
Reyinyon SAC/PTA	Direktè, Ansèyman & Aprantisaj, Anplwaye ansèyman	Paran yo pral patisipe aktivman nan pwosesis pou pran desizyon pou lekòl la	Kap kontinye	Feyè, ajanda, nòt reyinyon epi siyati
Liyen Paran Platfòm Google /Class Tag	Direktè, Ansèyman & Aprantisaj, Anplwaye ansèyman	Ogmante konesans paran yo sou evènman lekòl yo ak transpò	Kap kontinye	Kopi mesaj

Devlopman anplwaye

<p>7. Eske plan an gen ladanl: Yon deskripsyon aktivite devlopman pwofesyonèl lekòl la pral bay pou edike pwofesè, pèsònèl sipò enstriksyon espesyalize, direktè, lòt lidè lekòl ak lòt anplwaye yo: - avèk asistans paran / fanmi yo, nan valè ak itilite kontribisyon paran / fanmi yo?</p>	<p>Legends Academy fè efò pou ogmante kapasite tout anplwaye lekòl la. Pandan ane a, yo ofri divès aktivite devlopman pwofesyonèl pou edike pwofesè yo, pèsònèl ansèyman espesyalize ak sipò, administratè yo ak lòt lidè lekòl yo epi lòt anplwaye yo pou devlope kapasite nan angajman paran ak fanmi yo.</p> <p>Anba a se aktivite espesifik ak travay ke Legends Academy pral aplike pou ogmante kapasite pou paran yo ak fanmi yo yon jan siyifikatif.</p>
--	---

2023-2024 Plan Angajman Paran ak Fanmi

Non Lekòl la	Legends Academy
LEA	Lekòl Piblik Orange County

<p>- nan ki jan yo rive jwenn, kominike avèk, ak travay ak paran / fanmi kòm patnè egal?</p> <p>- nan mete an aplikasyon ak kowòdone pwogram paran / fanmi, ak nan bati lyen ant paran / fanmi yo ak lekòl la [ESEA Seksyon 1116]?</p>				
Aktivite/ Travay	Moun Responsab	Rapò ak akonplisman elèv yo	Kalandriye	Prèy efikasite
Devlopman Pwofesyonèl Angajman Paran ak Fanmi. Modil 1 – Bati yon patenarya solid ak paran epi fanmi yo	Direktè, Ansèyman & Aprantisaj	Amelyore resous anplwaye lekòl ki akeyan, konprann enpòtans ak valè angajman paran ak fanmi, epi kenbe patenarya solid ant lekòl ak kay.	Sept 2023	Ajanda, Fèy siyati evalyasyon rapid
Devlopman Pwofesyonèl Angajman Paran ak Fanmi. Modil 2: Etabli lyen ant kay ak lekòl	Direktè, Ansèyman & Aprantisaj	Amelyore kapasite anplwaye yo pou travay ak paran yo ak fanmi yo	Nov 2023	Ajanda, Fèy siyati evalyasyon rapid
Devlopman Pwofesyonèl Angajman Paran ak Fanmi. Modil 3: Aplikasyon ak Kowòdinasyon nan Pwogram Angajman Paran ak Fanmi	Direktè, Ansèyman & Aprantisaj	Ogmante patisipasyon paran ak fanmi nan aktivite lekòl ki sipòte siksè elèv yo	Fev 2024	Ajanda, Fèy siyati evalyasyon rapid
Devlopman Pwofesyonèl Angajman Paran ak Fanmi. Modil 4: Kominike epi travay avèk paran yo tankou patnè egal	Direktè, Ansèyman & Aprantisaj	Amelyore relasyon, kominikasyon ak kolaborasyon ant paran yo ak lekòl la	Avril 2024	Ajanda, Fèy siyati evalyasyon rapid

Lòt Aktivite

8. Eske plan an gen ladanl:	Legends Academy pral sèvi ak plizyè resous lekòl pou ede paran yo ak fanmi yo nan bezwen yo. Men kèk resous lekòl la ki disponib pou paran
------------------------------------	--

2023-2024 Plan Angajman Paran ak Fanmi

Non Lekòl la	Legends Academy
LEA	Lekòl Piblik Orange County

<p>Ki jan lòt aktivite, tankou sant resous pou paran, lekòl la pral fè pou ankouraje ak sipòte paran ak fanmi nan angajman ki gen plis sans nan edikasyon pitit yo. [ESEA Seksyon 1116]?</p>	<p>ak fanmi yo: Biwo *ESE ak anplwaye gen yon sant resous ki gen ladann enfòmasyon sou, men ki pa limite a sa ki annapre yo: Edikasyon pou moun ki sanzabri, Retansyon, Sèvis Konsèy, Sèvis Edikasyon Eksepsyonèl, Sèvis Sipò pou Konpòtman ak lòt resous andeyò lekòl la. Gen yon laboratwa ki disponib pou pèmèt paran yo jwenn aksè nan resous òdinatè ak lòt materyèl sou Entènèt pandan lè laboratwa yo ouvè. Pandan tout ane a, yo ofri kèk evènman Akademi Paran distri an ak Akademi vityèl la . Pi ba wap jwenn kèk aktivite espesifik Legends Academy pral itilize pou ankouraje ak soutni paran ak fanmi yo nan yon angajman ki genyen plis sans pou edikasyon pitit yo.</p>		
Aktivite/Travay	Moun Responsab	Kalandriye	Prèv efikasite
Sant Resous	ESE Espesyalis Kontak & Sosyal/Emosyonèl	Kap kontinye	Fèy pou siyen
Love Pantry (Gadmanje)	Espesyalis Sosyal/Emosyonèl & Jesyonè Biwo	Kap kontinye	Fèy distribisyon manje
Laboratwa ouvri	Pwofesè Resous	3 ^{yèm} Mèkredi chak mwa	Fèy pou siyen
Akademi Vityèl	Pwofesè Resous	Okt 2023, Des 2023, Fev 2024, Avril 2024	Enskripsyon, Depliyon
Akademi Paran	Pwofesè Resous	Sept 2023, Nov 2023, Jan 2024, Mas 2024, Me 2024	Enskripsyon, Depliyon

Kominikasyon

<p>9. Eske plan an gen ladanl: Kouman lekòl la ap bay enfòmasyon alè sou pwogram Title I yo? Kouman lekòl la ap dekri epi eksplike kourikoulòm lan nan lekòl la, fòm evalyasyon yo itilize pou mezire pwogrè elèv yo ak nivo siksè elèv yo espere jwenn? Kouman, si paran yo mande sa, lekòl la ap bay opòtinite pou reyinyon regilye yo fòmile sijesyon ak patisipe, jan sa dwe, nan desizyon ki gen</p>	<p>Legends Academy ap kenbe kominikasyon alè sou pwogram Title I atravè sa ki annapre yo: Oganize Reyinyon Anyèl Title I; Fè reyinyon oryantasyon paran yo pandan nouvo elèv yo enskri pou kouvri pwogram Title I yo.</p> <p>Pwofesè yo ak lòt manm anplwaye yo pral sipòte konpreyansyon paran yo sou kourikoulòm, fòm ak evalyasyon yo itilize pou mezire pwogrè ak akonplisman yo espere atravè sa ki annapre yo : Kontra Lekòl, Kanè Konferans Paran, Planifikatè elèv, Mesaj Lekòl la, Konferans Paran ak lòt metòd kominikasyon lekòl la.</p> <p>Paran yo pral enkli nan fòmilasyon sijesyon ak pran desizyon atravè sa ki annapre yo: Reyinyon endividyèl ak pwofesè, administratè ak/oswa anplwaye sipò ; sondaj paran yo, patisipasyon nan SAC pou revize Plan Amelyorasyon Lekòl la (SIP), Plan Angajman Paran ak Fanmi (PFEP) epi Kontra Lekòl la. Si plan lekòl la pa satisfèzan pou paran yo, yo pral prezante fidbak nan reyinyon komite paran lekòl la pou diskisyon, revizyon ak mizajou.</p>
---	---

2023-2024 Plan Angajman Paran ak Fanmi

Non Lekòl la	Legends Academy
LEA	Lekòl Piblik Orange County

rapò ak edikasyon pitit yo Kouman lekòl la pral soumèt kòmantè paran / fanmi si plan lekòl la pa satisfèzan pou yo [ESEA Seksyon 1116]?	
--	--

Aksè

10. Eske plan an gen ladanl: Yon deskripsyon sou jan lekòl la ap ofri tout opòtinite pou patisipe nan aktivite angajman paran / fanmi pou tout paran / fanmi yo? Yon deskripsyon sou kijan lekòl la ap pataje enfòmasyon ki gen rapò ak lekòl ak pwogram paran/fanmi, reyinyon, rapò lekòl, ak lòt aktivite nan yon fòm inifòm ki fasil pou konprann, epi nan yon lang paran/fanmi yo konprann?	<p>Legends Academy pral etabli yon pakèt opòtinite pou paran yo ak fanmi yo patisipe nan aktivite lekòl yo lè yo asire plizyè nivo aksè pou paran yo ak fanmi yo. Y ap itilize metòd sa yo: Seri Kourikoulòm Fanmi yo pral prezante nan lang natif natal fanmi yo; ofri aktivite plizyè fwa pandan jounen an pou paran yo ak fanmi yo patisipe nan maten, apremidi, aswè ak kèk samdi.</p> <p>Nou pral pataje enfòmasyon atravè Pratik ke nou konnen ki pi bon nan plizyè lang pou nou ka rive jwenn pi gwo kantite paran ak fanmi yo. Sa ki anba a montre kèk nan metòd sa yo: Kominikasyon lakay/lekòl nan lang angle ak lang natif natal; planifikatè elèv; depliyon, mesaj lekòl yo, apèl nan telefòn, imèl ak lòt pi bon Pratik konnen jan sa nesèsè.</p>
--	--

Aktivite ki pa deklare

11. Does the plan include: Any activities that are not required, but will be paid for through Title I, Part A funding (for example: home visits, transportation for meetings, activities related to parent/family engagement, etc.)	<p>Legends Academy pral itilize finansman Title I, Pati A pou aktivite adisyonèl pou sipòte siksè elèv yo. Byenke yo pa obligatwa, aktivite sa yo sipòte siksè elèv yo.</p> <p>Anba a se aktivite anplis ak travay ke Legends Academy pral aplike epi ki finanse pa Title I, Pati A</p>			
Aktivite/ Travay	Moun Responsab	Korelasyon akonplisman elèv yo	Kalandriye	Prèf efikasite
Maksimize patisipasyon paran yo nan edikasyon	Direktè, Ansèyman & Aprantisaj epi Anplwaye Ansèyman	Ogmante angajman paran yo ak konesans yo sou	Kap kontinye	Fèy siyati, fidbak sondaj paran yo

2023-2024 Plan Angajman Paran ak Fanmi

Non Lekòl la	Legends Academy
LEA	Lekòl Piblik Orange County

<p>pitit yo lè yo fè aranjman pou reyinyon ak konferans lekòl yo nan yon varyete lè ak kote kominotè opsyonèl ak moun ki travay dirèkteman ak timoun yo, pou paran ki pa kapab patisipe nan konferans sa yo nan lekòl la.</p>		<p>nivo pèfòmans ak bezwen elèv yo nan salklas la</p>	
---	--	---	--

Obstak

<p>12. Eske plan an gen ladani: Yon deskripsyon obstak ki te anpeche patisipasyon paran yo pandan ane lekòl anvan an? Yon deskripsyon etap lekòl la pral pran pandan ane lekòl la kap vini an, pou simonte obstak(pandan nap bay paran/fanmi moun ki andikape yon atansyon patikilye [ESEA Seksyon 1116]?)</p>	<p>Legends Academy, apre li fin revise Plan Angajman Paran ak Fanmi pou ane anvan an ak fidbak ki akonpaye yo, rekonèt egzistans baryè sa yo pou angajman paran ak fanmi yo:</p> <p>Defavorize ekonomikman Jou/Lè reyinyon yo Gadri pou timoun(tibebe)</p>
Obstak (nan sougwoup espesifik)	Etap lekòl la pral pran pou depase

Kontra lekòl-paran

2023-2024 Plan Angajman Paran ak Fanmi

Non Lekòl la	Legends Academy
LEA	Lekòl Piblik Orange County

<p>13. Eske plan an gen ladanl: Kòm yon eleman nan règleman / plan patisipasyon paran nan nivo lekòl la, chak lekòl dwe devlope ansanm, ak paran yo pou tout timoun ki sèvi anba pati sa a, yon kontra lekòl-paran ki esplike kijan paran yo, tout anplwaye lekòl la, ak elèv yo pral pataje responsablite pou amelyore siksè akademik elèv yo?</p>	<p>Bay yon kopi eskane dokiman sa a nan kontra lekòl-paran yo ak prèyè ki montre opinyon paran yo nan devlopman kontra.</p> <p>Nap jwenn dokiman sa yo tache:</p> <p>Kontra (KG-2nd ak Klas 3rd-8th) Prèyè opinion paran yo</p>
---	--

Adopsyon

Règleman patisipasyon / plan pou paran te devlope ansanm ak, epi yo te dakò avèk, paran timoun kap patisipe nan pwogram Title I, Pati A, kòm prèyè pa

Lekòl la te adopte règleman / plan sa 5 Sep 2023 a epi lap rete anvigè ane lekòl 2023-2024 pou peryòd

Lekòl la pral distribye règleman sa bay tout paran timoun ki patisipe nan Title I, Pati A ki sou oswa anvan. 1ye Okt 2023

Siyati Moun ki otorize	<u>Jennifer Porter Smith</u>
Dat	<u>6 Sep 2023</u>

Bay prèyè ki montre règleman / plan sa a te devlope avèk opinyon paran yo baze sou revizyon Plan Angajman Paran ak Fanmi ane lekòl anvan yo si li aplikab.

Dokiman sa yo kapab soumèt kòm prèyè:

2023-2024 Plan Angajman Paran ak Fanmi

Non Lekòl la	Legends Academy
LEA	Lekòl Piblik Orange County

- Sondaj paran evènman ak aktivite ane anvan yo
- Nenpòt papye SAC ak PTA kote sijè Title I / PFE yo te sou ajanda a
- Rezime Fidbak Paran Evalyasyon PFEP
- Fòm pou Swiv Aktivite Angajman Paran ak Fanmi